ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№236 (23.394) ● 2016 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гъуэгухэр

Тамбукъан гуэлым къыпэзыкІухь гъуэгур и кІэм нагъэс

Инженерхэм зэрыжаІэмкІэ, хущхъуэ къызыхах, щеІэзэ гуэлым а лэжьыгъэм и зэран екІакъым.

МЕТР щибл хъу гъуэгу Іыхьэр метрищым нэблагъэкІэ къаІэтащ. Псы зэхуакум дыхьэ щы бгъуэзр габионхэмкІэ (мывз духэмкІэ, бетоным хэгъэжыхьа гъущі пкъыгъуэ зэрыЫгъэмкІэ) ягъэбыдащ.

Гъуэгур метриплІрэ ныкъуэм нэскІэ нэхъ бгъуэ ящІащ.

А гъуэгу Іыхьэр ятмэ, Кавказ Ищхъэрэм, Поволжьем, Азербайджанымрэ Курджымрэ я щыналъэхэм я зэхуакум хьэлъэу щагъэІэпхъуэм куэдкІэ хэхъуэнущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Узыншагъэ

ІэнатІэр йофІакІуэ

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и нейрохирург нэхъыщхьэ, Евдокимовым и цІэр зезыхьэ МГМСУ клиникэ медицинэ центрым и унафэщІ, академик Крылов Владимир лэжьыгъэ Іуэхуку1э щы1ащ Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ и щІыналъэ центрым. Абы и гъусэу къэкІуащ Дэ1эпыкъуэгъу псынщІэмкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым, Склифосовскэм и цІэр зезыхьэм, нейрохирургиемкІэ и къудамэм и унафэщІ Лукьянчиков Виктор.

ДОХУТЫР цІэрыІуэгъэ еплъащ Лъынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ щІыналъэ центрым щІэлъ сымаджэ хьэлъэхэм. Мастер-класс щагъэкІуэкІым абыхэм операцэ ящІащ хъыджэбз цІыкІу. Операцэр гугъут, дэтхэнэ зы щыуагъэри сымаджэм джекІэ шынагъут. АрщхьэкІэ псори тэмэму зэфІэкІащ, хъыджэбзым и щытыкІэм дохутырхэр арэзы къеущ, ар къэтэдж, и закъуэу къекІуухьыр.

2014 гъэ лъандэрэ Лъынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ щІыналъэ центрыр зи нэІэ щІэт академик Крылов Владимир «нейрохирургия» унэтІыныгъэмкІэ иджырей технологиехэр къагъэсэбэпу операцэ ящІыну хуит зыщІ тхьилъыр къызэрыратрэ блэкІа илъэсым а Іэнатіэм щекІуэкІа лэжьыгъэр къыпщытащ. Абы къыхэгъэщащ КЪБР-м и нейрохирургхэм екъуІэныгъэхэр яІэ зэрыхъуар, операцэ хьэлъэхэр фІы дыдэу зэращІыр.

Нейрохирургиемкі фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр нэхьапэм республикэм и цІыхухэм квотэкІэ федеральнэ клиникэхэм щагъэуэту щытамэ, иджы апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэфынущ Лъынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ щІыналъэ центрым.

Іэщіагъэлілэм щепсалъэм Крылов Владимир республикэм и нейрохирургие Іэнатіэм адэкІэ зэрызрагъэужьыным теухуа чэнджэщхэр яритащ икІи екъуІэныгъэхэр яІэну екъуэхуащ.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм иджыблагъэ зэІущІэ гуапэ щекІуэкІащ. Іуэхущ1анІэм щылажьэхэм Іэнатіэ Іуту ныкъуэдыкъуагъэ зыгъуэта цІыху 16-м «Лада Гранта» автомобилыщІэхэм я Іункі ыбзэІуэхэр гуфІэгъуэ щыкІэм иту щратащ.

ЩІЫНАЛЪЭ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Лобач Андрей зэрыжиІамкІэ, машинэ зыкъэзыхэр зылъысыпхъэхэр щызэхагъэкІым, фондым и лэжьакІуэхэм къальытащ ныкъуэдыкъуэ хьуахэм щхьэж игъуэта дертыр зыкъуэдэри, медико-социальнэ экспертизэм и бюром абыхэм яхуигъэхьэзырам ярытри.

- Нобэ кьедгъэблэгъахэм тыгъэ папщІэу яхуэдгъэша автомобилхэр тыншу кьызэрырахуэкІыфынум хуэдэу, щхьэж и Іэпкъпэлъапкъыр зыхущыщІэм теухуауэ, Іэщіагъэлілэм тредгъэухущ. «Лада Гранта» зылъысахэм ахэр илъэси 7-кІэ кьрахуэкІа иужькІэ хуитныныгъ яІэщ ди Іуэхущ1анІэм кьекІуалІэу, жьы хьуахэм я пІэкІэ автомобилыщІэхэм зэрыхуэныкъуэм теухуауэ тхьилъыщІэкэр щызэрагъэпощыну. КьищынэмыщІауэ, нобэ тыгъэ яхуэтщІ машинэхэр илъэси 7-м кьриубыдэу зэ нэхъ мыхъуми кьызыхуэтыншэу яхуэздгъэпэщыжьынри, дагъэр зэхъуэкІыным трагъэкІуадэ ахъшэр яхуэпшынынри, уеблэмэ бензин уасэр кьызытехьэлъэхэм абыкІэ ядэІэпыкъунри фондым и щІыналъэ къудамэм и пщэ дельхьэж. Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм фэбжь щызыгъуэтахэм ди Іуэхущ1анІэм нэгъуэщІ ІуэхутхьэбзэхэмкІи защІегъакъуэ. Псалъэм папщІэ, страховой ахъшэхэр зэ тыгъуэу е мазэ кьэс тегъуэшауэ яІэрыдогъэхьэ, я узыншагъэр зэрызэтрагъэувэж хущхъуэхэмрэ медицинэ Іэмэпсымэхэмрэ я уасэхэр яхудот, зыгъэпсэхуакІуэ зэрыкІуэ путёвкэхэр кьахудыдох, - кьыхигъэщхьэхуакІащ Лобач Андрей.

2016 гъэм зэрыщІидзэрэ, УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и Кьэбэрдей-Балъкъэр къудамэм производствэм ныкъуэдыкъуагъэ щызыгъуэтахэм медицинэ, социальнэ, профессиональнэ я лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъуным хуэгъэза Іуэхугъуэхэр кьызэгъэпэщыным псори зэхэту сом мелуан 30-м щІигъу тригъэкІуэдащ. Абы щыщу сом мелуани 5-мкІэ хуэныкъуэхэм кьадэмыбз ІэпкъпэлъапкъымкІэ щхьэпэ протезно-ортопедие Іэмэпсымэхэр яхуэзыргъэпэщащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Жылагъуэ

Илъэсибл къэс зы машинэщІэ

● Студент гъащІэ

«Урысыбзэм и лІыкІуэхэр» мэлажьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дыгъуасэ щекІуэкІа зэІущІэм щаублащ «Урысыбзэм и лІыкІуэхэр дуней псом щолажьэ» дунейпсо волонтёр программэр. УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІ Іуэхуку1э студент зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэхэр зэщІэгъэуІуэным хуэгъэпсахэм япкъ иткІэ, ар къыхилъхьащ Урысыбзэмкіэ къэрал институтым, Пушкиным и цІэр зезыхьэм.

КАВКАЗ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хьыхэ субъектхэм я программэр щызэлъащІысынырэ пщэрылъ хуащІащ Псыхуабэ дэт къэрал университетым (ПКЪУ). Урысыбзэмрэ урыс щэнхабзэмрэ хъумэным, адэкІи зегъэужьыным хуэгъэпса Іуэхугъуэхэр КИФЩІ-м щекІуэкІынущ дыгъэгъазэм и 18 пщІондэ. Программэм кьызэщІуибыдэ егъэджэныгъэхэр мы махуэхэм щокІуэкІ Налшык дэт курыт школ №16-мрэ Хьэсэней дэт курыт школ №16-мрэ.

ГЕЛЯЕВЭ Марзият,
КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.

Абы и дэІэпыкъуэгъуэхэщ ПКъУ-м и студентхэу Поповэ Аннэ (Волгоград), Апажэ Дианэ (Налшык), Сыровэ Татьянэ (Краснодар) сымэ. Абыхэм яхуэзащ икІи программэр КъБКъУ-м зэрыщІлэжьэнум тепсэлъыхьащ КъБКъУ-м и Студентхэм я советым и пашэ Аутлъэ Ахьмэдрэ университетым ЩІалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и управленэм и унафэщІым и кІуэдзэ Жабеловэ Гульнарэрэ.

Волонтёр хьэщІэхэр студентхэм ядэгугъащ «Урысыбзэм и лІыкІуэхэр дуней псом щолажьэ» программэм зэрелэжь щыкІэхэмкІэ. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, а дунейпсо программэм кьриубыдэу ахэр щыІакІэщ Армением, Таджикистаным, Узбекистаным, Кыргызстаным, Перум, Эквадорым.

- Хамэ къэралхэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм дащыдэлажьэм, дэ кьыдгурыІуащ урысыбзэр зэгъэщІэныр куэдым къаззэрытехьэлъэр, уеблэмэ, студентхэм зэрыжаІамкІэ, ар нэхъ гугъущ китайбзэмрэ японыбзэмрэ нэхъри, - жиІащ Белоглазовэм. - Абы нэхъри дытригъэгушхуащ а Іуэхум.

Урысыбзэмрэ урыс щэнхабзэмрэ хъумэным, адэкІи зегъэужьыным хуэгъэпса Іуэхугъуэхэр КИФЩІ-м щекІуэкІынущ дыгъэгъазэм и 18 пщІондэ. Программэм кьызэщІуибыдэ егъэджэныгъэхэр мы махуэхэм щокІуэкІ Налшык дэт курыт школ №16-мрэ Хьэсэней дэт курыт школ №16-мрэ.

ГЕЛЯЕВЭ Марзият,
КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.

● Аруан щІыналъэ

Я зэфІэкІ халъхьэ

«Урысейм и псы ежэхэр» урысейпсо акцэм щыщу ди республикэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэр зэпыуркъым.

«КАВКАЗ» федеральнэ гъуэгум хуэзэ Шэрэдж псы Іуфэмрэ абы и Іэгъуэблагъэхэмрэ зэщІагъэкъэбзащ, лъэмыжьым и бгъуитІым ирикІуэ лъэс зекІуаІэхэри хэту. Махуэ къэс зи бжыгъэм хэхъуэ транспортыр мы щыпІэхэм щІэх-щІэхьыгъ щызэтрехьэ, апщІондэкІэ гъуэгурыкІуэхэм къызэранэкІ кІэрыхубжьэрыхуэхэми къахохьуэ. Абыхэм я нэІэ тетщ Аруан щІыналъэм и коммунхозхэми. Иджырей мардэхэм тету Шэрэдж псы Іуфэм Іутыпэу яухуа топ джэгупІэм кьекІуалІэ щІыкІуэри кьабзагъэм гъэм и кІыхьагъкІэ кІэлъыплъынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

НОБЭ

♦Финляндие Республикэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ. 1917 гъэм унафэ кьащтащ ар Урысейм и унафэм зэрыщІэмытыжьым теухуауэ.

♦Къэзахстан Республикэм и прокуратурэр къыщызэрагъэпэща (1922 гъэм) махуэщ.

♦Испанием и конституцэм и махуэщ

♦1492 гъэм Колумб Христофор Гаити хьІтІыгур зэрыщІыр кІихутащ.

♦1741 гъэм Урысей къэралыгъуэм зэрыхьэзрий къыщыхъущ, дзэхэр и телъхьэ кІыщІри, пащтыхьыгъуэр иубыдащ Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ.

♦1768 гъэм Инджылыз щІэнгъуазэм и япэ къыдэкІыгъуэр дунейм кьытехьащ

♦1774 гъэм цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтын Іэнатіэр дунейм щыяпэу къэралым и нэІэм щІигъэуващ Австриием.

♦Гу дохутыр, хирург щІэрыІуэ, академик, тхакІуэ **Амосов Николай** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, актёр, сценарийхэр зытх, СССР-м и цІыхубэ артист **Наумов Владимир** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Балъкъэр щІэныгъэлІ, философие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-мрэ Къалмыкъымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Эфендиев Сэлихь** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Алтай крайм и губернатору щыта **Евдокимов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр щІэрыІуэ, «Кинотавр», «Ника» саугьэтхэр зыхуагъэфэща **Балуев Александр** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Урысей тележурналист, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщІэм и медалыр зыхуагъэфэща **Агаловэ Жаннэ** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык бзыгъэу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 2, жэщым градуси 7 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м
Налшык къалэ №199-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. 2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 17-м къыдигъэкІа унафэ №249-ПП-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн, мы унафэм и гуэдзэным къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу.

2. Къару ямыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм мы къыкІэлъыкІуэ и унафэхэм:

«2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэзащІэ щІалэгъуалэ политикэм кьихь сэбэпынагьыр къэІэтыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм и Іуэхукі э» №24-ПП-м щІэту 2013 гъэм фокІадэм и 2-м къыщтам;

«2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэзащІэ щІалэгъуалэ политикэм кьихь сэбэпынагьыр къэІэтыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и теухуауэ» №103-ПП-м щІэту 2014 гъэм накъыигъэм и 27-м къыщтам;

«2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэзащІэ щІалэгъуалэ политикэм кьихь сэбэпынагьыр къэІэтыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э» №187-ПП-м щІэту 2014 гъэм шыщхьэуІуэм и 22-м къыщтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 3-м къыдигъэкІа унафэ №241-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э» №316-ПП-м щІэту 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м къыщтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъууэ щыІэ унэхэм хиубыдэ мылъку мыгуэшар 2014 - 2043 гъэхэм капитальнэу зэгъэпэщыжьыныр» республикэ программэр гъэзэщІэныкІэ 2017 - 2019 гъэхэм зэфІагъэкІынухэмкІэ зэман кІэщІым тещІыхьа планыр къэщтэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м
Налшык къалэ №200-ПП

Урысей Федерацэм и Псэупі э кодексым и 168-нэ статьям и пункт 7-м, «Псэупі э-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм реформэ щегъэкІуэкІыныкІэ фондым и Іуэхукі э» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №185-ФЗ-м, «Фэтэр куэд хъууэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ унэхэм хиубыдэ мылъку мыгуэшар капитальнэу зэгъэпэщыжьынырэ егъэкІуэкІыным и Іуэхукі э» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №62-РЗ-м и 14-нэ статьям и Іыхьэ 1-м ялкІ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъууэ щыІэ унэхэм хиубыдэ мылъку мыгуэшар 2014 - 2043 гъэхэм капитальнэу зэгъэпэщыжьыныр» республикэ программэр гъэзэщІэныкІэ 2017 - 2019 гъэхэм зэфІагъэкІынухэмкІэ зэман кІэщІым тещІыхьа планыр къэщтэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий.

ЩІыпІэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуа илъэс отчетыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі э и министерствэм къызэрипщытэ Хабзэр къэщтэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м
Налшык къалэ №201-ПП

Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым и 136-нэ статьям и пункт 4-м и 3-нэ пункт къуэдзэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. ЩІыпІэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуа илъэс отчетыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі э и министерствэм къызэрипщытэ Хабзэр къэщтан, мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий.

Псей щапІэхэм къахохъуэ

● Сату

Илъэсыщ1э псейхэр щащэ щІыпІэхэм къахохъуэ.

«Дубки» бэзэр дыхьэпІэм къыщызэІуаха сату щІыпІэм мы махуэхэм япэ псейхэр кърашалІэу щІадзащ. «Хабзэм къигъэув мардэ псоми дытету ди къалэныр дгъэзэщІэнущ. Дэ псейхэм нэмыщІ, уэздыгъейхэри диІэщ. Ахэр узыншэщ, щІэращІэщ. Ди щэхуакІуэхэм яІэнущ зыхэдзэн» - жаІэ сату зыщІхэм.

ЩІхъуантІагъэхэр щагъэкІыу Белэ Речкэ дэт Іуэхущ1анІэм и лэжьакІуэхэр ЦІыхухэм я лъэІу псори зэрагъэзэщІэным хущІокъу: псейхэм тегъэувапІэ хуащІ, илъэсыщІэ псейр мыгъужу нэхъыбэрэ щытын папщІэ ЩІэ Іэмалхэм щагъэгъуазэ. Абдеж дыдэм щэхуакІуэхэм щагъэутынущ къуэщыным ираса псей лъахъшэ цІыкІуэхэри.

Мы сату щІыпІэр сыткІи тынщщ, псом хуэмыдэу «Кавказ» федеральнэ гъуэгур зи зекІуаІэхэмкІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи гъунэгъу и фэ къыптоуэ.

КЪР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, граждан, жылагъуэ Іуэхущlапlэхэм зегъэужьныныр цlыхубэ хъыбарегъащlэ Іэнатlэхэмкlэ и комитетым и унафэщl Пащты Борис зэІущlэр къыщызэІуихым жиlащ зэхуэсыр къыщыІызэрагъэпэщар лъэпкъ, дин зэхущытыкlэхэр республикэм щегъэфэкlэкlуэныр зи пщэ дагъэ Іуэхущlапlэхэм ирагъэкlуэкl лэжьыгъэр зыхуэдэр яубзыхуну зэрыарар.

- Шэч хэмылъу, къэтlэта Іуэхум теухуауэ республикэм лэжьыгъэшхэр щокlуэкl. Ауэ лъэпкъ, дин зэхущытыкlэхэм зебгъэужьын щхьэкlэ политикэ убзыхуэ диІэу властымрэ жылагъуэ, щэнхабзэ Іуэхущlапlэхэмрэ дызэдэлэжьэн хуейуэ къызолытэ, - жиlащ Пащтым.

Депутатым къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм ижьижьыж лъандэрэ езыхэм зэтраубла зэхущытыкlэ дахэхэм уасэ зэрамыІэр, псом хуэмыдэу лъэпкъитlым щыщхэр зэкъуэш зэрыщlу атэлыкъ хабзэр, нэхъыжь зэхуэсхэр щыщыlар тщыгъупщэ зэрымыкъунур. Ауэ щыхъукlи, Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэу 100-м щlигъу зэрыщыпсэур къэлъытауэ, зыми лей къытемыхьэу зэдзгъэугурыкlэн хуейщ. «Совет зэманми къэралым лэжьыгъэхъуэ щекlуэкlащ лъэпкъ цlыкlухэм защlэгъэкъэуным, щlэныгъэ куу зиlэ Іэщlагъэлlэхэр яхуэгъэхьэзырым теухуауэ. Лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм щыщхэр зыр адрейм бгъурыту Іуэхуфlхэр зэдащlэрт, къэралым зрагъэужьырт. Апхуэдэ щапхъэхэм захуэдгъэзэжьипхъэу аращ, зыри щlэуэ къэдгупсысын хуейкъым. Мы зэманым, дауи, дызыгъэгузавэхэм ящыщщ ислъам диныр щхьэхуещагъэкlэ къэзыгъэсабэп щыlэ зэрыхъуар. Абыи нэгъуэщl гугъуехьхэми дапэщlэтыфын щхьэкlэ, зэрыжьклаУ, щэнхабзэм, щlэныгъэм тедгъэщlэн, къэралыкъуащlапlэхэм, дин лэжьакlуэхэм ди къаурыр зэдгъэуIуу къытпэщlт Іуэхухэм я хэкlыпlэ дгъэнэlуэн хуейщ», - дыщlигъуащ Пащты Борис.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректорым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ Іуэхухэмкlэ и къуэдзэ **Къумыкъуэ Іэуес** жиlащ лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм къахэкlа, дин зэхуэмыдэхэр зыlыгъ щlалэгъуалэ къызэкlуалlэ еджапlэм зым адрейм пщlэ хуегъэщlыныр университетым зыхуигъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэм зэрахибжэр. Еджапlэ нэхъыщхьэм щылажьэ студент зэгухьэныгъэхэм Іуэху щхьэпэ куэд зэфlагъэкl. Абы и щыхьэту Къумыкъым къихьащ илъэс къэс университетым къызэригъэпэщ «Студент гъатхэ» фестивалыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мы зэманым щоджэ хамэ къэрал 42-м къикlа студентхэр. Щlэныгъэ зэреттым къищынэмыщlауэ, зыщыщ лъэпкъ е иныгъ дин емылъытауэ, щlалэгъуалэр зэрылъытэу, жэуаплныгъэ яхэлъу щытыным дэ гулъытэшхуэ худощl, - жиlащ Къумыкъым.

Ар къытеувыlащ къэрал унафэщlхэр зэлэжьыпхъэу къилъытэ Іуэхугъуэми. Проректорым зэрыжиlамкlэ, Интернетым и хъыбарыпцlхэм щlалэгъуалэр куэдрэ щагъэжакъуэ къызэрыхъур къэлъытауэ, соцсетхэм хъыбарегъащlэ политикэ хэха щыуБзыхун хуейуэ къиГъэлъэгъуащ.

КЪР-м Граждан, жылагъуэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщlым и къуэдзэ **Гергоков Жамболэт** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм дин Іуэхущlапlэу 192-рэ зэрыщылажьэр. Абыхэм ящыщу 138-р мусылмэн Іуэхущlапlэщ, 22-р православнэщ, 26-р протестантскэщ, 1-р иудейщ, 3-р урыс католическэщ. Щlынальэм къыщащтащ «2016 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ Іуэхущlапlэхэм зрадэлэжьэнум теухуауэ» къэрал программэр, 2025 гъэ пщlондэ Урысей Федерацэм лъэпкъ политикэр зэрыщекlуэкlыну щlыкlэр яубзыхуащ. 2012 гъэм КЪР-м и Іэтащхьэм и унафэкlэ абы и деж щылэжьну Жылагъуэ советыр къызэрагъэпэщащ. Иужьрейм хэту мэлажьэ лъэпкъ, дин зэхущытыкlэхэмкlэ комиссэр.

- Къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщlа хъуным иужьрей илъэситlым догугъу. Къэпщытэныгъэхэр щедгъэкlуэкlым, районхэм лъэпкъ Іуэхумкlэ жэуап зыхъ Іэщlагъэлlэхэр зэрыщымыlэр къэтlыъитэри, ахэр дгъэхьэзыращ, - жиlащ Гергоков Жамболэт. - Къыщынэмыщlауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ, дин, политикэ егъэлеиныгъэ къыщымыхъуным долэжь. Мы гъэм къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэ къэрал Ислъам университетым дин лэжьакlуэхэм я щlэныгъэм щыхагъахъуэ курс 14 къыщызэдгъэпэщащ. Диным и лэжьакlуэм фlыуэ хищыкlын хуейщ къэралым и тхыдэм, абы щекlуэкl жылагъуэ-политикэ Іуэхухэм, жьакlуэуи щытыпхъэщ. А псори къалъытащ дин лэжьакlуэхэм щрагъаджэм.

Абы къыхигъэщащ лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм щыщ щlалэгъуалэр зэхэзышэ, нэхъыфlу зэрызыгъэщlыху Іуэху куэд республикэм зэрыщекlуэкlыр. «Псалъэм папщlэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ныбжьыщlэхэр 2008 гъэ лъандэрэ илъэс къэс, фокlадэм и 1-м, дошэ гуэвэгъуэ къыщыхъуауэ щыта Беслъэн къалэм и курыт школ №1-мрэ абы дэт «Мелыбычхэм я къалэмрэ». Си фlэщ хуэрккым абы зэ щыlа ныбжьыщlэм Іей ищlэну», - дыщlигъуащ Гергоковым.

Къаlэта Іуэхум теухуауэ мы гъэм зэфlагъэкlам зэІущlэм щытепсэлъыхьащ Къбр-м щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Іэминат**, КЪР-м Печатымрэ цlыхубэ коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщlым и къуэдзэ **Конаков Хьэсэн**, чристэн члисэхэм я благочиннэ **Бобылёв Валентин**, КЪР-м ис мусылмэнхэм я Іуэхущlапlэм и унафэщlым и япэ къуэдзэ **Мисиров Хъызыр**, Прохладнэ районым и щыпlэ администрацэм и Іэтащхьэм социальнэ политикэмрэ лъэпкъ зэхущытыкlэхэмкlэ и къуэдзэ **Лутl Маринэ**, Урысейм и Арткомитетым и вице-президент **Бейтыгуэн Іэуес** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Зэlущlэхэр

Щlалэгъуалэм дерс яхуэхъур

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я Іуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я Іуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щlидзын икlи цlыхухэр щыгъуазэ ищlын папщlэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м
№551-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я Іуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я Іуэхукlэ» 1999 гъэм щэкlуэгъуэм и 30-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №55-РЗ-м мы къыкlэлъыкlуэ зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэн:

1.4-нэ статьям:

1) Іыхьэ 2-м:

а) яп.э абзацым хэт «46» бжыгъэр «50» бжыгъэмкlэ зэхъуэкlын;

б) ещанэ абзацыр мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу тхын:

«Бахъсэн суд районым зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я къулыкъуу 6, суд участкэхэу №91 - №96-хэр;»;

в) етхуанэ абзацыр мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу тхын:

«Дзэлыкъуэ суд районым зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я къулыкъуу 3, суд участкэхэу №91 - №93-хэр;»;

г) еянэ абзацыр мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу тхын;

«Тэрч суд районым зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я къулыкъуу 3, суд участкэхэу №91 - №93-хэр;»;

2)Іыхьэ 3-м мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу зэрыт абзац дэщlыгъужьын:

«Уэрамхэм, гъуэгухэм, псым хуэзэ суд участкэхэм я гъунапкъэхэр а уэрамхэм, гъуэгухэм, псым я кум хуэзэу гъэувын.».

2. Законым и гуэдзэн №1-м:

1) Бахъсэн суд районым и суд участкэхэм я гъунапкъэхэр зыубзыхуу тхыгъэр мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу къэхьын:

«Бахъсэн суд район
Суд участкэ №1

Бахъсэн къалэ округым и щlыналъэр къызэщlеубыдэ мы къыкlэлъыкlуэ гъунапкъэхэм я къуэхьым иту: Бахъсэн къалэ округым и ищхъэрэ гъунапкъэмрэ Бахъсэн къалэм Лениным и щlэр зезыхьэ и уэрамымрэ щызэблэкlі щlыпlэм щегъэжьауэ уэрамым (зэпэмыбжэ лъэныкъуэр хиубыдэу) къроклуэ Бахъсэн псым и сэмэгурабгъу Іуфэм нэс, адэкlэ псым дэкlуэу къухьэпlэмкlэ макlуэ Бахъсэн къалэ округым и гъунэм нэс, кърегъэзэкlыжри, Бахъсэн къалэ округым и унэм дэкlуэу Лениным и уэрамым йокlуэлlэж.

Суд участкэ №2

Бахъсэн къалэ округым и щlыналъэр къызэщlеубыдэ мы къыкlэлъыкlуэ гъунапкъэхэм я къуэхьым иту: Бахъсэн къалэ округым и ищхъэрэ гъунапкъэмрэ Бахъсэн къалэм Лениным и щlэр зезыхьэ и уэрамымрэ щызэблэкlі щlыпlэм щегъэжьауэ адэкlэ сэмэгурабгъумкlэ къалэм и гъунапкъэу иныгъыу Бахъсэн псым и сэмэгурабгъу Іуфэм йокlуалlэ, адэкlэ псы Іуфэр иныгъыу Лениным и уэрамым нэс къухьэпlэмкlэ макlуэ, Лениным и уэрамыр иныгъыу (зэпэбжэ лъэныкъуэр хиубыдэу) къалэ гъунэм нэс макlуэ.

Суд участкэ №3

Бахъсэн къалэ округымрэ Дыгулыбгъуейрэ я щlыналъэхэр къызэщlеубыдэ мы къыкlэлъыкlуэ гъунапкъэхэм я къуэхьым иту: Бахъсэн къалэ округым и гъунэр Бахъсэн псым и сэмэгурабгъу Іуфэм щекlуалlэм деж щегъэжьауэ къухьэпlэмкlэ йокlуэкl, адэкlэ Бахъсэн псым дэкlуэу къуэкlыпlэмкlэ егъэзэжри къыщежьа щlыпlэм нэс докlуеиж.

Суд участкэ №4

Абы хеубыдэ Бахъсэнёнкэ, Кыщпэк, Кременчуг-Константиновскэ, Куба, Псыхъурей къуажэхэр.

Суд участкэ №5

Абы хеубыдэ Къулъкъужьи Ипщэ, Къулъкъужьи Ищхъэрэ, Зеикъуэ, Жанхъуэтекъуэ къуажэхэр.

Суд участкэ №6

Абы хеубыдэ Къубэ-Тэбэ, Хьэтlохъущыкъуей, Исльэмей, Псыкlэху къуажэхэр.»;

2) Дзэлыкъуэ суд районым и суд участкэхэм я гъунапкъэхэр зыгъэбелджылы тхыгъэр мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу къэхьын:

«Дзэлыкъуэ суд район
Суд участкэ №1

Абы къызэщlеубыдэ Каменномост, Хьэбэз, Чыщбалъкъ, Сэрмакъ къуажэхэр.

Суд участкэ №2

Абы къызэщlеубыдэ Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэ, Светловодскэ, Белокаменскэ, Шордакъ, Ятlокъуэ къуажэхэр.

Суд участкэ №3

Абы къызэщlеубыдэ Къамылыкъуэ, Малкэ, Приречнэ, Совхознэ, Псынэдахэ, Зольскэ, Дзэлыкъуэдэс къуажэхэр»;

3) Тэрч суд районым и суд участкэхэм я гъунапкъэхэр зыгъэбелджылы тхыгъэ мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу къэхьын:

«Тэрч суд район
Суд участкэ №1

Абы къызэщlеубыдэ Арыкъ, Интернациональнэ, Плановскэ къуажэхэр, апхуэдэу Тэрч къалэм щыщу къухьэпlэ лъэныкъуэмкlэ гъущl гъуэгу адрыщlым щыІэр, апхуэдэу Тэрч къалэм и ищхъ Іыхьэм щыщу мы къыкlэлъыкlуэ гъунапкъэхэм къриубыдэр: гъущl гъуэгум щегъэжьауэ Лениным и уэрамым тету Къэбэрдей уэрамым нэс (зэпэбжэ лъэныкъуэр хэту), Лениным и уэрамым щегъэжьауэ Къэбэрдей уэрамым тету Къардэным и уэрамым нэс (зэпэбжэ лъэныкъуэр хэту), Къэбэрдей уэрамым щегъэжьауэ Къардэным и уэрамым тету Беслъэнейм и уэрамым нэс (зэпэбжэ лъэныкъуэр хэту), Беслъэнейм и уэрамым тету Лениным и уэрамым нэс (зэпэбжэ лъэныкъуэр хэту).

Суд участкэ №2

Абы хохьэ Белоглинскэ, Акъбащ Ипщэ, Дей къуажэхэр, апхуэдэу мы къыкlэлъыкlуэ гъунапкъэхэм къриубыдэу Тэрч къалэм и щlыналъэр: гъущl гъуэгум щегъэжьауэ Лениным и уэрамым тету Къэбэрдей уэрамым нэс (зэпэмыбжэ лъэныкъуэр хэту), Тэрч къалэм и ищхъэрэ Іыхьэр: Лениным и уэрамым щегъэжьауэ Къэбэрдей уэрамым тету Къардэным и уэрамым нэс (зэпэмыбжэ лъэныкъуэр хэту), Къардэным и уэрамым тету Беслъэнейм и уэрамым нэс (зэпэмыбжэ лъэныкъуэр хэту), Беслъэнейм и уэрамым тету Лениным и уэрамым нэс (зэпэбжэ лъэныкъуэр хэту).

Суд участкэ №3

Абы хеубыдэ Джулат, Красноармейскэ, Новэ Балъкъэр, Урожайнэ, Терекскэ, Хьэмидей, Ново-Хьэмидей, Курп Ищхъэрэ, Инарыкъуей, Курп Ипщэ, Тамбовско къуажэхэр.».

Зэзыгъэкlуж судыщlэм и бгъэхэlу дамыгъэмрэ удостоверенэмрэ ятеухуа положенэм и гуэдзэн №2-м:

1) пункт 2-м и 2.2-нэ пункт къуэдзэм и ещанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и административно-щlыналъэ Іыхьэм» псалъэхэр зэхъуэкlын «суд районым» жиІэу;

2) удостоверенэм дэлъ тхыгъэм ит «Налшык къалэм» псалъэхэр зэхъуэкlын «Налшык суд районым» жиІэу.

2 статья

1. Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ махуипщl дэкlмэ.

2. Бахъсэн суд районым и суд участкэхэу №91 - №94-хэм, Дзэлыкъуэ суд районым и суд участкэхэу №91-мрэ №2-мрэ, Тэрч суд районым и суд участкэхэу №91-мрэ №2-мрэ я зэзыгъэкlуж судыщlэхэу мы Законым къару имыгъуэт щlыкlэ я къулыкъужьи ягъэувакъм я полномочиехэр ягъэзащlэ езыхэр зэрагъэува пlалъэр иухыху.

3. Мы статьям и Іыхьэ 2-м къыщыгъэлъэгъуа суд участкэхэм я зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я къалэнхэр мы Законым къару имыгъуэт щlыкlэ суд участкэхэм яІэ гъунапкъэхэм яриубыдэу щагъэзащlэ Бахъсэн суд районым и суд участкэхэу №5-мрэ №96-мрэ, Дзэлыкъуэ суд районым и суд участкэ №3-м, Тэрч суд районым и суд участкэ №3-м я зэзыгъэкlуж судыщlэхэр ягъэувыж.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм щэкlуэгъуэм и 15-м
№51-РЭ

● Профсоюзхэр

Лэжьакlуэхэм я хуитыныгъэр хъумэным трагъащlэ

КЪР-м и Профсоюзхэм я унэм дыгъэгъазэм и 1 - 2-хэм щекlуэкlащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щlыналъэ профсоюз организацэхэм Іэнатlэ Іутым и хуитыныгъэр хъумэныкlэ я лэжьыгъэм теухуа семинар-зэІущlэ. Абы кърихьэлІахэм, къызщыпсэлъахэм яхэтащ КИФЩІ-м и щlыналъэ профсоюз зэгухьэныгъэхэм я унафэщlхэр, профсоюз организацэхэм хуитыныгъэмкlэ я инспекторхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl **Амщокъуэ ФатІимэт** зэІущlэр къыщыхэзІуихым жиlащ:

- Си гуапэщ зыпэрыт Іуэхум фlыуэ хэзыщыкl куэд къызэрызэхуэсар, лэжьыгъэмкlэ щыІэ хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ зэфlахъхэм тепсэлъыхьыну, зэчэнджэщыну. Мыпхуэдэу дызэрыІыгъыу, Урысей Федерацэм и профсоюз щхьэхуитхэм ящыщ ди лэжьэгъу нэхъыжьхэм дапыщlауэ дызэдэмылажьэмэ, профсоюз Іуэхум зедгъэубгъунымрэ едгъэфlэкlуэнымрэ тхуэзфlэкlынукъым, - жиlащ Амщокъуэ ФатІимэт.

Семинар-зэІущlэм къыщыпсэлъащ Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и секретарь, лэжьыгъэмрэ социальнэ зэхущытыкlэхэмкlэ академием и проректор, лэжьыгъэм теухуа хуитыныгъэмкlэ кафедрэм и унафэщl, Урысейм щlыхь зиlэ и юрист **Гладков Николай**.

Хьэщlэм зэІущlэм хэтахэр щигъэгъуэзащl лэжьыгъэмкlэ законодательствэм, нэхъ мащlэу ят улахуэм теухуа гугъуехьхэм, нэгъуэщlхэми. ЗэІущlэм хэтхэр нэхъ зыгъэпlейтейуэ зыщlэупщlахэми жэуап яритащ Гладков Николай.

ЗэІущlэм къыщыпсэлъащ Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу КЪР-м щыlэ **Зумакулов Борис**, КЪР-м Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр Іэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныгъэмкlэ и министерствэм, республикэм Лэжьыгъэмкlэ и къэрал инспекцэм, КЪР-м и прокуратурэм я лlыкlуэхэр.

Семинар-зэхуэсыр ихащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щlыналъэ профсоюз зэгухьэныгъэхэм я ассоциацэм и зэІущlэкlэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Женя.

● Іуащхьэмахуэ щlыналъэ

Бжьамийхэр щаукъуэдий

Илъэси 150-м нэблагъэ зи ныбжь Байдаевэ посёлкэм иджыри къыздэсым псы кІуапlэхэр иІакъым - къагъэсэбэпар псынэпсщ.

ЦЫТЫКlЭМ зрагъэхъуэжьын мурадкlэ, псы кІуапlэхэмрэ гуэшыпlэхэмрэ зэраухуэну мылъку Эльбрус къуажэм и администрацэм и бюджетым щыхухахауэ щытащ. Лэжьыгъэхэр жэпуэгъуэ маззм ирагъэкlуэкlащ - коллектор нэхъыщхьэу метр щищ, псы кІуапlэу метр щищрэ пщlейрэ яукъуэдиящ. Жылэм дэс унагъуэ 12-м иджы псыр пэрыхьэту яГыут.

Эльбрус къуажэм и Іэтащхьэ Джапуев Мусэ зэрыжиlамкlэ, Байдаевэ посёлкэм и уэрам нэхъыщхьэм еТlанэгъэ асфальт тралъхьэну я мурадщ.

ТАРИМ Алисэ.

● Мэшбащlэ Исхьэкъ и илъэс

Армэм и генерал Варенников В. И. и тхылъыр кърет.
Сурэтыр **Кривцов Павел** *трихащ. 2004 гъэ*

● Налшык

Фэтэрхэм къагуэвмыщlыхь

Налшык и архитектурэ щытыкlэмрэ щынагъуэнщагъэ хабзэхэмрэ къемызэгъ ухуэныгъэхэм иджыри кlэ игъуэтакъым.

АШУРОВЫМ и цlэр зезыхьэ уэрамым тет псэупlэ унэ зэтет №20-м хиубыдэ фэтэр зыбжанэм (№№48, 51, 54, 61-хэм) административнэ хабзэхэм къемызэгъ ухуэныгъэхэр гуащlыхьащ. Апхуэдэ хуитыныгъэхэр я фэтэрым щыпсэхэм зыми къаритакъым. Къищынэмыщlауэ, зым и гущlыІум адрейр иту дращlея Іущlыхьхэм я зэраныр къабгъэдэс гъунэгъуэхми зыхащlащ, пэшхэр кlыфl хъуати. Псом нэхърэ нэхъ гъэщlэгъуэныр апэу яухуа Іущlыхьым апхуэдэ къабзэу 2 къытехутэху кlалэ администрацэм хьыбар зэрырамыгъэщlарщ. Дызыхуэкlуэ зэман гъунэгъуэм Іущlыхь псори Іуахыжьнурэ, фэтэр зэтетхэм я Іуплъапlэхэм яІа теплъэр иратыжынущ. Іуэхур зэрекlуэкlым кlэлъыплъынущ хабзэм къемызэгъ ухуэныгъэхэм ехьэлІа дэфтэрхэр зыЗэрагъэхьа КЪР-м Ухуэныгъэхэмкlэ и министерствэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Къалмыкъ БетIалрэ Микоян Анастасрэ

Зэхуэдэхукlэ зэщыгуфlыкlми, а тlум гужьгъэжь зэхуаIэт: я кум дэтт Псыхуабэ

Пцым лъакъуэ щIэткъым

ПОЛИТИКЭМИ хуэдэу, иджыпсту тхыдэми темыпсэлъыхьыр щхьэхьинэхэм я закъуэщ. Абы щыгъуэми, пэжыр зыщIэри зыIуатэри езыхэм я закъуэу къыщацъэхуну хущIэжьуу. Сытми я щхьэфэ йолэбэ, Псалъэм и хьэтыркIэ, иджыблагъэ маршруткэм дису гъуэгу дыздытетым сэ си кьуажэ Куба (ХьэтIохъущыкIуей Ещанэм) щыщ цIыхубзым гукъанэшхуэ хэлъу жиIащ: «Емынэм ихъ Къалмыкъ БетIал! Прохладнэ зыIэригъэхьан папщIэ, Псыхуабэ ихьри яритащ. Иджы Горячеводск укIуэн щхьэкIэ Налшык укъыщыгтIысхьэн хуей мэхъу. Ар дыдеямэ, ди Балъкъ лъэмыж телъынут!»

Нэхъапэми сэ куэдрэ зэхэсхащ Къалмыкъ БетIал «Пятигорск ихьри яритауэ». АтIэми, жызыIэхэр ми цIыхубзым хуэдэ гуэрхэм я закъуэкъым - абыхэм мымащIэу яхэтщ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэхэр: тхакIуэхэр, журналистхэр, уеблэмэ еджагъэшхуэхэр. Хэбгъэзыхьмэ, есэпащи, «щIаритам» и щхьэусыгъуэр зригъэщIэну зыри хуейкъым. Къалмыкъ БетIал, арыншами, пэжми пцIыми къуэлъыр ирокъуэ, атIэ сыт пцIы лей щIытеплъхьэнур? Іуэхур зэрыщытар нэгъуэщIущ. Сэ ар къэзгъэлъэгъуэну сыхуэщIэкъунщ парт, къэрал лэжьакIуэ щIэрыIуэу щытэ Микоян Анастас и гукъэкIыжхэр тегъэщIапIэ сщIыпрэ.

Бззэрыр хэти ейщ

КАСПИЙ зэпрашу яукIа баку комиссар 26-м яхэмыхуэу ыкъела Микоян Анастас совет лъэхъэнэм къулыкъушхэр иIыгъащ. Ар тыншу ядекIуэкIащ псом и - Пенинми, Сталинми, Хрущёви, Брежневи. «От Ильича до Ильича без инфаркта и паралича» псэлъафэр хуабжу фIэфIт, уеблэмэ, ар езым къигупсысуаи жаIэ. АтIэ, мис а Микоян 1922 гъэм партым и Кавказ Ищхьэрэ крайкомым и япэ секретару къагъэкIуащ. А зэманым ди деж щыIа щытыкIэм теухуауэ ейм и гукъэкIыжхэм щыщ пычыгъуэ щIыкIу къэтхьынщ: «Къэбрдейхэр Бгырыс Республикэм 1921 гъэм кьыхэкIыжат. Ижькlэ абыхэм я щапхъэм ирикIуащ балъкъэрхэри. Ахэр а республикэм щIыхагъэхьэн щхьэусыгъуэ щыIакъым. Мыслъымэн дин зэраIыгъым фIэкIа, адрей лъэпкхэм зыкIи япыщIатэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, бззэр здэкIуэр Владикавказэгъкъым, атIэ Псыхуабэт. Налшык кьуажэшхуэ къудейт». Абы кьыкIэлъокIуэ нэхъ гъэщIэгъуэн:

«1922 гъэм си лэжьыгъэм сыпэрыува иужь, япэу сызыIущIахэм ящыщ Къэбрдей-Балъкъэрым щыцIэрыIуэ дыдэ Къалмыкъ БетIал. Абы сэ скъызжIащ Пятигорск областым и къалащхьэ яригъэщIну икIи а Іуэхур ВЦИК-м къыщыхьригъэльэну зэримурадыр. Сэ абы занщIэу икIи къехьэкI-нехьэкI хэмылъу жеслащ ар зэрыдзэмыыгъынур: Пятигорск урысейпсо курортщ, ар зефхьэфынукъым. ЕтIуанэрауэ, Пятигорск фыдзсурэ, унафэщхэм щIинальэм зыфхуегъэужьынукъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, мис а Тамбуркъан и Іуфэм щагъэтIыса ЯтIэкъуэ зихуэдар къыбжеIэ абы фIащa цIэм. АрщхьэкIэ, зэманыр ар аухуэдэри, зыри жыпIэ, умыарэзыуэ укъэув хьынутэкъым.

Уегупсыс зэрыхъунумкIэ...

ИДЖЫ жэуап еттыну дыхущIэкъунщ Къалмыкъым и жэрдэмыр Микоян щIыдимыIыгъам теухуа упщIэм. 1915 гъэм Тыркум хьэлэч къыщызэтращIа ермэлыхэм ящыщу лъыгъажэм къелахэм дунейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, псом хуэмыдэу Урысейм, къыщалъхьуэрт щхьэегъэзыпIэ. Микоян хуабжу жыжьэрыпIэт, абы занщIэу къыгурыIуащ Кавминводхэр езым и лъэпкъэгъуэм псэупIэ гъуэзэджэ зэрахэхъуфынур. Ар нэхъ тыншу къыщыупIэнэр а щIыналъэр Ставропольем хьыкъэмэт... Ижькрейри хуейтэкъым ар иутIыпщыну. Мы щIыпIэр сыт щыгъуи зыгъэпсэхупIэ цIэрыIуэу щытащ. Урысей пащтыхьыгъуэм и зэманми ижькIи Нартсан хакIуэу щытащ къэрал унафэщIхэмрэ зэфIэкI зиIэхэмрэ. Ар Ставропольер зеэзыхьэжи къагъэсэбэпырт унафэщIхэр зрагъэзыхьуи, жыIэнчI, Іуэхуи куууэ кIуэщIрыплъыфу зыкъыраГъэлъагъуи, ижькIэ Москва къулыкъушхуэхэр къыщыхадын папщIэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, партым и ЦК-м и Политбюром хагъэхьахэщ икIи ЦК-м и секретарь хъуахэщ зэман зэмылIэужьыгъуэхэм Ставрополь крайм и унафэщIхэу щытахэу Суслов Михаил, Кулаков Фёдор, СССР-р пэгъэжьымкIи и лъабжьэр зыгъэзытIыпIа Горбачёв Михаил ...

1922 гъэм Микоян Анастас мыхъуу, абы и пIэкIэ Орджоникидзе Серго е Киров Сергей кьаГъэкIуамэ, псори нэгъуэщIу кьыщIдзынкIэ хьунут. Ауэ тхыдэм къэгъаззэ иIэкъым.

Мыри щIыдогъуж

МЫ ГЪЭМ и мэкъуауэгъуэ мазэм Федерацэмкlэ Советым къыщыхалъхьащ Кавминводхэр экономикэ и лъэныкъуэкIэ курорт щIыпIэ хэхуэу икIи езым гъунапкъэхэр иIэжу къэлъытэнэм теухуа проектыр. Нэхъапэми мызэ-мытIэу зыкъыгетауэ щытащ курортыр крайм и унафэм къыщIэгъэкIын хуейуэ. Куэдым кьалъытэ крайр курортым зеГъэужьынымкIи емыплаIэу, къыхилъхьэм нэхърэ Іихыр нэхъыбэу. ТегъэщIапIэ ящI Пятигорск иджы Кавказ Ищхьэрэм и щыхьэр зэрыхъуар. Ауэ ар нэгъуэщI псалъэмакъщ. Дэ дызыхуцIэкъуар ди блэкIам и зы лъэхъэнэм Іуэхур зэрыщытар къэтIуэтэнырщ.

ШАЛ Мухьэмэд.

Хьэтхъуэ Умарщ (Омер Сейфеддинкlэ зэджэжыр) иджырей тырку литературэм и новеллэ жанрым и лъабжьэр зыгъэтIилъар. ТхакIуэ-реалистым, тырку литературэм и мызакъуэу, дунейпсо литературэм увыпIэ хэха щеубыд.

ХЬЭТКЪУЭ Умар и тхылъхэр къэрал куэдым къыщыдэкIащ. Урысибзэкlэ зэрадзэкIауэ абы и новеллэхэр 1920 гъэхэм и кIэм къыщыщIэдзауэ урыс журналхэм къытохуэ. Ахэр ягу зэрырихьым къыхэкIыу, адыгэ щIалэм и тхылъ щхьэхуэхэр Мэзкуу, Ленинград 1957, 1975, 1987, 1994 гъэхэм къыщыдокI. ТхылъпплIми ит новеллэхэр, повестхэр урысибзэкlэ зэрадзэкIащ Печенев Игорь, Яковлевэ Нелли, Кормушин Иван сымэ.

Си щIыхуэгъэфI Печеневыр илъэс куэдкIэ Анкара щыIэжьащ икIи тыркубзэр гъуэзэджэу ещIэ. «Омер Сейфеддин пщIэшхуэ иIэщ иджырей тырку литературэбзэр убзыхуа зэрыхъуамкIэ, - жеIэ абы. - Езым и зэманым псэуа тхакIуэхэми ар кащхьэщыкIырт и бзэр нэхъ къыхэзрыгъэкIыу, щIыхубэр зэрыпсалъэ бззм нэхъ пэгъунэгъуэ зэрыщытымкIэ. Сейфеддин и тхыгъэхэр хуэхейт хьэрыгъэ, ахъэжр псалъэхэу тырку литературэбзэр лъащIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ зэIызыгъэхьэм».

Хэт хьуну-тIэ зи гугъу тщIы адыгэ щIалэр, дауэ кьекIуэкIа абы и гъащIэр, и лэжьыгъэр?

Хьэтхъуэ Умар и адэ Сэфудинт истамбылакIуэ ежьар. Тыркум нэса нэужь, ар зы щIыпIэм икIрэ адрейм Іэпхъуэу куэдрэ екIуэкIащ. Ауэ, икIэм-икIэжьым, Мрамор тенджызым и Іуфэм пэмыжьжьэ Гёнен жылагъуэм дотIысхьэ. 1884 гъэм абы къыщалъхуащ тхакIуэ цIэрыIуэ хьуну щIалэр.

Хьэтхъуэм и гъащIэр литературэм пищIэну и пщIыхьэпIэми къыхэхуэрэ тэкъым. Арати, и ныбжьыр илъэс пщыкIутI фIэкIа мыхъурауэ, Умар Эдерне къалэм дэ дззэшэ еджапIэм щIотIысхьэ. Ар къеухри адыгэ щIалэщIэр Истамбыл макIуэ, и щIэныгъэм хигъэхъуэн мурад иIэу.

Хьэтхъуэр щIотIысхьэ «Мектебе хьэрбийе» еджапIэ нэхъыщхьэм икIи абы офицеру къыззрыщIэкIыу, Измир ягъакIуэ. Умар и къалэм 1908 гъэм нэсыху щоIэ, ауэ тырку щIалэ буржуазие революцэр зэрызэхуэкIыу, абы къулыкъущIэ кърат - Македонием гъунапкъэ щIихумэну. ИлъэситI нэблагъэщ Умар абыи зэрыщыщIар. Литературэм куэд щIауэ дихьэхырти, ар дзэм къыхохIыж.

1908 гъэм екIуэкIа революцэм иужькIэ Тыркум куэду къыщыщIагъэкIыу щIадзэ сатирэ, гушыIэ журналхэр. Абыхэм традзэ усэхэр, хьыбархэр икъуэкIэ къащхьэщыкIырт япэрей классикэ сатирэм и щапхъэхэм. Тхыгъэхэм я нэхъыбэр пэджэжьырт зэманым къигъэув къалэнхэм, литературэм и унэтIныгъэ зэхуэмыдзэхэм я зэныкъуэкъым. Абыхэм яхэтт пародиекэр, эпиграммэхэр. А зэманым щыIэ тырку сатирэм и гугъу щащIкIэ, япэу зи цIэ жаIэр Хьэтхъуэ Умарт. Абы и тхыгъэ гъэпсыкIэм и лъабжьэщ псэ щабагъэ, гу щIаналгъэ макъамэхэр, Іуащыгъэ зыхэлъ акъыл гъэтIысакIэ Іуэтэ гупсысэкэр, апхуэдэуи хьуэр, гушыIэ шэрыуэхэр.

Гу щабагъэкIэ псыхъа усыгъэхэм къадэкIуэу, Хьэтхъуэм итхырт пхъашэу, дыджу гум ежаIэ ауанхэмкIэ гъэнщIа новеллэхэр.

Умар и ныбжьэгъу тхакIуэхэу Джэс Альпрэ Жаныпэ Алийрэ щыгъуу «Гёнч къалэмлер» журналыр кьидигъэкIыу щIедзэ. Адыгэ щIалэм и тхыгъэ нэхъыфIэр абы щытридзэрт.

1912 гъэм Хьэтхъуэр аргуэру дзэм хохьэж, ауэ Балкан зауэм ар зэрыхэтар мащIэ дыдэщ. Умар гъэр ящIри, Алыджьым мазипщIкIэ лъэхъущым щрагъэж, абы зэрыгъэкIыжу Хьэтхъуэм Истамбыл егъэзэж икIи етIуанэу дзэм къыхокIыж, зэи тримыгъэзэжыну мурад быдэ ищIауэ. 1914 гъэм къыщыщIэдзауэ дунейм щехьыжну 1920 гъэм нэсыху абы Тырку щIыхьэрым дэт курыт еджапIэхэм ящыщ зым литературэмкIэ щрегъаджэ.

ХЬЭТКЪУЭМ илъэс щэщIрэ хьрэщ къыгъэщIар. Абы щыщу тхэныр къыIысар илъэсий куэдейщ. Сыт хуэдэу щымытами, Умар иIа зэман мащIэр дамэр уэзыгъэшэщI, дзэрэжэгъуэ къэзыт лэжьыгъэ куукIэ игъэнщIыфащ. Илъэсийм къуриубыдэу абы и Іэдакъэм къыщIэкIащ хьыбари 150-м щIигъу, повесть зыбжанэ, зы пьесэ, и кIэм нимыгъэсауэ романитIи къэнащ. Хьэтхъуэм кьытрыригъэдзащ литературэр зыубзыху, бззм теухуа лэжьыгъэ куэд. Тхыгъэ зыбжанэ абы тырку бзэкIэ зэридзэкIащ, Гомер и «Одиссеери» хэту.

Адыгэ щIалэм и тхэкIэм дэплъей, ар литературэм зи егъэджакIуэу къыщызыIырыгъэ тхакIуэ цIэрыIуэ куэд КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIащ. Хьэтхъуэ Умар и новеллэхэм, памфлетхэм тырку жылагъуэм и зэхэтыкIэр нэсу къыщигъэльэгъуащ.

Хэбгъэзыхьмэ, къэралым щыIэ уухуэкIэр, тыркухэм я хьэл-щэнэр, я псэукIэр щIэнэкIалъэ зэрищIым къыхэкIыу, тхакIуэр ягъэкъуанщэрт «угущIэгъунэщ, псоми ущодыхьэшх» жаIэу. Къэлэмыр зи Іэщэм зэхуэдэу екIуэ къалэмм къуажэмм я псэукIэр. Ар щодыхьэшх цIыху мыгъасэм, фэрыщIым, диным и лэжьакIуэхэм мыхъумыщIагъэу зэрахьэр къыщIегъащ. ЗэхIэпэшэу укъоджэ Хьэтхъуэм и хъыбархэу «Телъыджэ», «Аэзн джэ макъ», «Іулъхьэ», «Лэгъупыкъу», «МафIэдз», «Аргъуей», «Адакъэ», «Делэ», «Фон Садриштайн и щхьэгъусэр», «Динсыз» зыфIищахэм, «Эфруз-бей», «Хьэрэм» повестхэм, нэгъуэщI куэдми.

Тхыгъэ зыбжанэ абы триухуащ езым и гъащIэм и кьекIуэкIыкIам, и лъэпкъэгъуэм. Апхуэдэщ «Шыт-хьунщI», «Ипэ мыхъумыщIагъэ», «ПIыртIыкъыш», «Зэшхэр», «Фыгъуэнэд», «Бгырыпх» новеллэхэр. АбыхэмУмар щетх и адэ-анэм, игъуэ нэмысу дунейм ехьжа и кьуэш нэхъыжьым теухуа, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым папщIэ псалъэ гуапэ, гурыгъу-гурыIъ дахэ куэд.

Хьэтхъуэм и ІэдакъэщIэкIэм щыпIэщхуэ щаубыд адыгэ таурыхъэм хэт Іэмалшы, жаIэу КъуийцIыкIу, егъэлеяуэ пцIыупс барон Мюнхгаузен сымэ уигу къэзыгъэкI Эфрузбей щхьэщыхъуэм. Абы и ІуэхущIафэкIэм теухуа повестым 1908 гъэм екIуэкIа революцэм и зэманым щыIа пщы-уэрэкъ интеллигенцэр ауан ещI, зи щэнхабзэр зэзымыпэсыж Іужажэхэр, напитIэхэр, фэрыщI акъмыкъхэр къыщIегъэщI.

Ипэ дунейпсо зауэм щыгъуэ Хьэтхъуэр тэмэму бгъэдыхьащ политикэ Іуэху щытыкIэм. Пантюркистхэм я мурадхэм гушыIэ жанкIэ ар щыдыхьэшхащ икIи «Щхьэхуитныгъэм и пщыхьэщхьэ» новеллэм зэрыпхуакIуэ зауэр гум тебГъахуэ мыхъуну къыщигъэльэгъащ.

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа тырку тхакIуэзшхуэ Хьэтхъуэ Умар зыщыпсэу къэралым иц лъэпкъ псори нэхугъэм, щIэныгъэм хуиишэным и гъащIэр щхьэусыхь хуищIащ; ахэр фIым, гулъытэм, зыужьныныгъэм къыхуэхэм я лъэпкъыр зыкуейзыхуэныкъуэхэмрэ абы я псэкупсэ, социальнэ гъащIэмрэ нэхъ куууэ хэплъэ зэрищIарщ.

Хьэткъуэм - Омер Сейфеддин - и тхыгъэхэр къэнащ ноби иГъащIэкIи я пщIэр мыкIуэдыжьыну. Дунейм щехьыжьм зы гукъэуэ закъуэщ иIар абы: и адажь Хэку и Іэфлагъ зэрызыхимыщIарт, абы и кьалэмыр зэрыхуимыгъэпсыфарт.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

● Щикъуэхьащ адыгэр дунеижьым

Хэхэс тхакIуэ телъыджэ

Гёнен къалэм дэт Омер Сейфеддин и фэеплъым деж щытщ Хьэфыцlэ Мухьэмэдрэ Тыркум щыщ абы и ныбжьэгъуэмрэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ. 2015 гъэ*

«Адыгэ псалъэм» япэу тыдодзэ Хьэткъуэ Умар и щIалэгъуэм итха усэ зыбжанэ

Бгынэжа унэ

«Бгынэжа унэр хъункъым увыпэпIэ!» -
Си гуэугурэлъагъуэр ткIийуэ къысхуоплъэкI.
Зэгуэр мы абгуэр щытыгъат псэупIэу
Иджы пабжьалъэр шылъэм иретыкI.

СимыIэж жьэгум уэу сыйыдащи,
«Ар сыткIэ къэзлэжьат? - сызоупщIыж, -
Дэнкlэ сунэтIми, гуауэр щыетащи»...
«Уахъытм хуукIуэ!» - жуэап къызетыж.

«Ар гъащIэм пхрыкI псоми я лъэслъагъуэщ!» -
Іущащэу сщхьэщолъат жьынду абрагъуэ.

Фызабэ

Мо унэр ещхьщ борэным ихьа абгъуэм,
Мо абгъуэр щыгъуэм иубыдащи, щымщ.
Мыпщащэ, мыщхьэгъусэ, е мыанэ -
Бзылъхугъэ щIалэр иджы мышэ-мышхущ.
Зы илъэс закъуэт мо щхьэгъубжэIулъым
А тIум я насып-ныбжь къыщIыпхьипсар;
Зы илъэс закъуэт тенджыз кхъухь зауэлъым
ЩIым щихьыжьину Тхъэм кьрипэсар!
Иджы къыхопсыр Іупхъуэм зы ныбжь закъуэ.
Уэздыгъэр нэху щыху щос щхьэгъубжэ закъуэ.

Мазэ гуфIэрей

Дыгъэр щетIысхьым,
Мэзым сыкъыщIэкIт.
Ныбжьыр укIытэхыу,
Сакъыу къысхуеплъэкIт.
Асыхьэту пшэхэм
Къащхъуэ зыкъащIащ,
ЗыкъыIубри уафэм -
МафIэу зилыпщIащ.
Жьыбгъэм и фэр пыкIри,
КIыфIым хэткIухьащ -
Бжьыхьэм и Іэфракlэу
Джафэм жэп техащ.
Жэщырти, ешауэ
Жейм хилъэфэжащ -
Дыжьын сабэ ипхъри,
Мазэр дыхьэшхащ.

Лъахэ

Гъунапкъэм адэкIэ, жыжьэу
Щопсэу си кьуажэ.
Къуршыпсыр тхъурымбэ хужьу
А лъахэм щожэ.

Гъатхэпэм псыдзэл къудамэр
ЗащIоупщIапцIэ,
Зиущэхуурэ сядэжь и унэр
КъыскIэлъохъуапсэ.

Зыгуэрым гуфIэгъуэ макъкIэ
Схуегъэшри гугъэ -
ЗыщIыпIэ жэнэт зэгъуэкIыу
Щопсэу си жылэ.

Закъуэныгъэ

Ауэзыр жейм хелъафэ,
Жыг ныбжьхэм я фэр покI.
Гъуэгу пабжьэхэр псыIафэу
Жьы щабэм къыдоудж.

Зы вагъуи зы бзий хъуаскIи
Къызаткъым лъапэнэху;
Зы макъ къыскIэлъымыджэу,
Гъуэгуанэр пхрызоху.

Зыгуэрхэм я лъэужьым
Сиш Іущым хуещI гущыкI:
Ящщащ щыр зы ежьужьым,
Мэхъашэу ёоувыныкI.

НэщIыпсу жэщ гъэрибым
Иджы жьы къыпеубыд;
Апхуэдэу щхьэ сыибэ -
Шы фIалъэм псэр сщIеуд?!

Зэзыдзэкlар
КЪАРМЭ Іэсиятщ.

Анэхэм пщIэ хуащI, лъагэу яIэт

● Щэнхабзэ

Урысей Федерацэм и Президентым 1998 гъэм къыдигъэкIа унафэ щхьэхуэм тету, ди къэралым Анэм и махуэр щэкIуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм ягъэлъапIэ. Махуэшхуэр ди республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ гукъинэжу щекIуэкIащ. Аруан щIыналъэм хыхьэ Чёрнэ Речкэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэмри абы хуэгъэпса пшыхь дахэ щызэхэтащ. Ар къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ а къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и художественнэ унафэщI, уэрэджьIакIуэ Бекъуд Аслъэн.

КОНЦЕРТЫР къызэрагъэпэщынымкIэ къадэIэпыкъуащ Аруан щIыналъэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Хьэх Ритэ**.

Къуажэм и курыт еджапIэм и пащIэдзэ классхэм я еджакIуэхэм зи махуэр зыгъэпIапIэхэм яхуэгъэзауэ ягъэхьэзыра видео-хъуэхъуэхэр къагъэльагъуащ. Я анэхэмрэ анэшхуэхэмрэ ятеухуа усэ къущIащIэлъытэ тхакIуэ цIэрыIуэ куэд КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIащ. Хьэтхъуэ Умар и новеллэхэм, памфлетхэм тырку жылагъуэм и зэхэтыкIэр нэсу къыщигъэльэгъуащ.

Хэбгъэзыхьмэ, къэралым щыIэ уухуэкIэр, тыркухэм я хьэл-щэнэр, я псэукIэр щIэнэкIалъэ зэрищIым къыхэкIыу, тхакIуэр ягъэкъуанщэрт «угущIэгъунэщ, псоми ущодыхьэшх» жаIэу. Къэлэмыр зи Іэщэм зэхуэдэу екIуэ къалэмм къуажэмм я псэукIэр. Ар щодыхьэшх цIыху мыгъасэм, фэрыщIым, диным и лэжьакIуэхэм мыхъумыщIагъэу зэрахьэр къыщIегъащ. ЗэхIэпэшэу укъоджэ Хьэтхъуэм и хъыбархэу «Телъыджэ», «Аэзн джэ макъ», «Іулъхьэ», «Лэгъупыкъу», «МафIэдз», «Аргъуей», «Адакъэ», «Делэ», «Фон Садриштайн и щхьэгъусэр», «Динсыз» зыфIищахэм, «Эфруз-бей», «Хьэрэм» повестхэм, нэгъуэщI куэдми.

Тхыгъэ зыбжанэ абы триухуащ езым и гъащIэм и кьекIуэкIыкIам, и лъэпкъэгъуэм. Апхуэдэщ «Шыт-хьунщI», «Ипэ мыхъумыщIагъэ», «ПIыртIыкъыш», «Зэшхэр», «Фыгъуэнэд», «Бгырыпх» новеллэхэр. АбыхэмУмар щетх и адэ-анэм, игъуэ нэмысу дунейм ехьжа и кьуэш нэхъыжьым теухуа, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым папщIэ псалъэ гуапэ, гурыгъу-гурыIъ дахэ куэд.

Хьэтхъуэм и ІэдакъэщIэкIэм щыпIэщхуэ щаубыд адыгэ таурыхъэм хэт Іэмалшы, жаIэу КъуийцIыкIу, егъэлеяуэ пцIыупс барон Мюнхгаузен сымэ уигу къэзыгъэкI Эфрузбей щхьэщыхъуэм. Абы и ІуэхущIафэкIэм теухуа повестым 1908 гъэм екIуэкIа революцэм и зэманым щыIа пщы-уэрэкъ интеллигенцэр ауан ещI, зи щэнхабзэр зэзымыпэсыж Іужажэхэр, напитIэхэр, фэрыщI акъмыкъхэр къыщIегъэщI.

Ипэ дунейпсо зауэм щыгъуэ Хьэтхъуэр тэмэму бгъэдыхьащ политикэ Іуэху щытыкIэм. Пантюркистхэм я мурадхэм гушыIэ жанкIэ ар щыдыхьэшхащ икIи «Щхьэхуитныгъэм и пщыхьэщхьэ» новеллэм зэрыпхуакIуэ зауэр гум тебГъахуэ мыхъуну къыщигъэльэгъащ.

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа тырку тхакIуэзшхуэ Хьэтхъуэ Умар зыщыпсэу къэралым иц лъэпкъ псори нэхугъэм, щIэныгъэм хуиишэным и гъащIэр щхьэусыхь хуищIащ; ахэр фIым, гулъытэм, зыужьныныгъэм къыхуэхэм я лъэпкъыр зыкуейзыхуэныкъуэхэмрэ абы я псэкупсэ, социальнэ гъащIэмрэ нэхъ куууэ хэплъэ зэрищIарщ.

Хьэткъуэм - Омер Сейфеддин - и тхыгъэхэр къэнащ ноби иГъащIэкIи я пщIэр мыкIуэдыжьыну. Дунейм щехьыжьм зы гукъэуэ закъуэщ иIар абы: и адажь Хэку и Іэфлагъ зэрызыхимыщIарт, абы и кьалэмыр зэрыхуимыгъэпсыфарт.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

● ХыдзэлI цIэрыIуэхэр

Адмирал щэджащэ

Головко Арсений совет дзэ унафэщIщ, флотым и унафэщIщ, адмиралщ. 1927 гъэм щегъэжьауэ КПСС-м хэтащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым Ищхъэрэ флотыр и унафэ щIэтащ. 1947 - 1950 гъэхэм - СССР-м и дзэ-тенджызэ флотым и штаб нэхъыщхьэм. 1950 - 1952 гъэхэм - тенджызэ флотым и штаб нэхъыщхьэм. 1952 - 1956 гъэхэм - Балтийскэ флотым и унафэщIщ. 1956 - 1962 гъэхэм - СССР-м и дзэ-тенджызэ флотым и командующэ нэхъыщхьэм и япэ къудэзэщ. 1946 - 1950, 1954 - 1958 гъэхэм Совет Нэхъыщхьэм и депутатщ.

1906 ГЪЭМ мэкъуауэгъуэм и 10-м (23-м) Прохладнэ станицэм (иджы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Прохладнэ къалэщ) къыщалъхуащ. И адэ Григорий и унагъуэр игъэшхэн щхьэкIэ лыщIэу щытащ, ауэ абы кьилэжь мащIэри якурикъуэтэкъыми, мэжащIалIэхэт. Унагъуэр гугъуехь хэт пэтми, и кьуэм щIэныгъэ иритыну щIэхъуэпс адэм ар щIегъэтIысхьэ церковно-приходской еджапIэм. Ар Арсений екъуIэныгъэкIэ кьиухащ. 1920 гъэм илъэс 14 зи ныбжь щIалэр комсомолым хохьэ, куэд дэмыкIыуи комсомол ячейкэм и секретару хах.

1922 гъэм ар Дон Iус Ростов раббфакым щыщIотIысхьэ. А илъэсхэм Арсений эдэлъащ еджэнри лэжьыгъэри - кьхъуэ тедзапIэм хьэлъэзэхьэу щыIащ.

Рабфакыр кьиуха нэужь, ар Москва макIуэ, икIи Темиразевым и цIэр зезыхьэ мэкъумэщ академием щIотIысхьэ. АрщхьэкIэ, еджапIэр кьригъэгъэнэри, 1925 гъэм ВЛКСМ-м и Комитет Нэхъыщхьэм Головкор флотым игъкIуащ. Абдеж щегъэжьауэ Головком и гъащIэр епхауэ щытыщ хэкум и дзэ-тенджызэ флотым. Дзэ, политикэ зэщIэуэздэнигъэхэм я отличник Головкор Фрунзе М. В. и цIэр зезыхьэ дзэ-тенджызэ училищэм еджапIэ ягъакIуэ. Училищэм щIэсу, 1927 гъэм ар коммунист партым хыхьащ. ЕджапIэр кьиуха нэужь, Тенджызэ ФIыцIэ флотым кьулыкъу щищIэну ягъакIуэ. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу ар кьащIыхутащ Каспий икIи кьулыкъу нэхъыщхьэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ. 1932 гъэм и гъатхэм щегъэжьауэ псы щIагъ щIытI бригадэм и унафэщIу щытащ. Куэд дэмыкIыу ар Хьэ Хуэм флотым и торпедэ катерхэм я штабым и унафэщI ящI. 1938 гъэм Головко Арсений Ворошилов К. Е. и цIэр зезыхьэ дзэ-тенджызэ академиер екъуIэныгъэхэр иIэу кьеух. Совет Правительствэм кьалэн кьащищIар нэсу зэрригъэзэщIам папщIэ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр кьратащ.

1940 гъэр екIуэкIырт. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и мафIэр Европэм щхьэщыт. Гитлер и дзэм Варшавэрэ Прагэрэ, Венэрэ Парижрэ яубыдауэ, Совет Союзым и гъунапкъэм кьыхуеIэрт, Головкор Ищхъэрэ флотым и унафэщIу щагъэувам.

ИлъэсихкIэ Головко Арсений зэрихьащ а кьулыкъур. Зауэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ бийм зэтрикIуэтэну хэтт Ищхъэрэ флотыр, Кольскэ хьIтIыгуныкъуэр кьэралым кьыгуигъэщхьэхуIыну, Мурманск, Полярный флотхэр зыIэригъэхьэну и нэрыгът. Ауэ кьэхуIакIэм. Совет морякхэр фашистхэм япэщIыуэзри, я мурад бзаджэр зэпаудащ.

Ищхъэрэ тенджызым и теплъэр щIыуэпсым и тIкIигъэкIэ кьэIуэта къурхьым. Атлантикэм кьикIыу Баренцевэ тенджызым и ипщэкъухьэпIэ лъэныкъэмкIэ кьиху хуабэм и фIыгъэкIэ, абы трищIэ мылыр зэрэн мыхьэу илъэс хьурей кIэ дзэ хэIуэхэщIэхэр щебгъэкIуэкI мэхъу. Ауэ Баренцевэ, Белая тенджызхэм я ищхъэрэ, кьуэкIыпIэ лъэныкъуэхэм, Карскэ тенджызым щIымахуэм мыл трещIэри, кьхъуэ щIэзекIуэфынукъым. ЩIэх-щIэхыпхэ кьыкъуэу эжапщэшхуэхэр, псом хуэмыдэу бжыхьэмрэ щIымахуэмрэ, пшагъуэр, уэсуокъуэр егъэлеяуэ зэран хуэхъуэр кьхъуэкэмрэ авиацэмрэ. Ауэ пшагъуэр сэбэн хуэхъуэ конвойхэр щхкуу зэпрыщынымкIэ, десантхэр игъэтIысыкIынымкIэ. Апхуэдэщ Северым и щIыуэпсыр!

Совет Союзым кьэхтеуэну зыщагъэхьэзырым, фашистхэм Норвегие Ищхъэрэмрэ Финляндие Ищхъэрэмрэ хьэзыру щаIыгъащ зы финн корпусрэ нэмыщ корпуситIрэ. Ар «Норвегия» армэм хуагъэкIуат. АбыкIэ бийм и мурадт Мурманскрэ Ищхъэрэ флотым и базэ нэхъыщхьэмрэ зыIэригъэхьэну, Киров гъущI гъэгуру иубыду, Кольскэ хьIтIыгуныкъуэр кьэралым кьригуигъэщхьэхуKIыну, совет Карелиер кьиухьэуреихьу, Белая тенджызэр Архангельск нэскIэ зыIэригъэхьэну. Нэмыщ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм я мурад бзаджэр икIэщIыпIэкIэ зрагъэхьулIэну хуейт, абы папщIи нэхъыбэу кьагъэсэбэпыр авиацэрэ щIырыпет кьарурэт. ПагъымгъауэхэмкIэ кьару фIыщIэр трагъэущIэну хуейт Полярнэмрэ Мурманскрэ, Беломорскэ, Балтийскэ кIэнагъэхэм я псыIудзапIэхэр якъутэнырэ я гуращт. Апхуэдэуи, Ищхъэрэ тенджызым щекIуэкIынур Балтийскэм кьыгуагъэщхьэхукIынт.

5-нэ хьэуа флотым и дзэ кхъухьлатэхэр, Финляндием и дзэ-хьэуа кьаурхэр, фашистхэм я транспорт авиацэр Заполярьем щыIат. ИщхъэрэфлотымпэщIагъэувэну хухахат кхъухьлъати 170-м нэблагъэ, абы щыщу 100-р лагъым зыгъауэт. Абдеж фронтым и кIыхьагъат километр 300-м щIигъу.

Ди армэм и ижьырабгъу лъэныкъуэр, Мурманск хуэгъэзар, Ищхъэрэ флотым кьыщIиIыгъэт. Ди кьэралым ар и флот нэхъыщIэ дыдэти, зауэм ирихьэлIэу кхъухь кэд иIэтэкъым. Эскадрон лагъыигъэуэ 8, псыщIагъым щызекIуэ кхъуафэжьейуэ 15 иIэу арат. Кхъухьхэм гъэувыпIэу кьыхуагъэсэбэпырт Мурманскэ, Кольскэ бухтэхэм, Мотовскэ псыдзкъым я кхъухь тедзапIэхэр. Мурманск шынагъуэр кьыхуэкIуэу щыхуежьэм щегъэжьауэ, совет щыIыпет частхэмрэ флотымрэ зэрыщIэу бийм пэщIэуващ. Тенджызэ лъэсыдзэм и десантхэр сэбэпышхуэ хуэхъущ Совет Армэм. Ищхъэрэ флотым Iэмал кьыIыкъуэкIащ псыщIагъым щызекIуэ и кхъуафэжьейхэмрэ авиацэм и ныкъуэмрэ Петсамэрэ Киркенескэ зызыгъазэ бийм пэщIагъэувэну. Транспорти 10-м нэблагъэ псым щIрагъэлъэфауэ щыIащ (язныкъуэхэм зауэлIхэри зэрэсу).

Заполярьем щыIэ нэмыщ флотыр хуейт и тенджызэ коммуникацэхэр Норвегие Ищхъэрэм и Iуфэм щигъэбыдэну, апхуэдэуи ди тенджызэ кIуапIэхэр кьэхъэпиудыну. Ауэ Головко Арсений и унафэм щIэт ди Ищхъэрэ флотым кьимыкIуэту фашистхэм я зауэ хуэIухуэщIэхэр зэтракъутэрт, 14-нэ армэм и тенджызэ Iуфэ флангыр дабыгът.

СССР-м и дзэ-тенджызэ флотым и нахуэму щыта. Совет Союзым и ПIыхьужь Кузнецов Н. Г. Головком теухуауэ жеIэж: «Головко Арсений кьыщысцIыхуам зауэр кьэхъеятэкIыным иджыри. Ар ешм и арэзынигъэкIэ Испаниием щызэуат, Каспийскэ, Амурскэ флотилиехэр и нэIэ щIэтт. 1940 гъэм и бадзэуэгъэм ар Ищхъэрэ щIыналъэм ягъэкIуащ. Сэ фIыуэ сигу изубыдащ 1940 гъэм а щIыпIэм кIуа еуэгъур. ФокIадэм и пэщIэдзэм Мурманск щегъэжьауэ Архангельск нэс дыкIуащ. Бухтэрэ псыдзкъу дызыхуэгъэм дыкъащIыгъэтеувIэрт. Дунейр иджыри хуабэт, ауэ Иокангэ нэгъабэрей уэс тельт. ПсыщIагъ къуэфажьхьейхэмрэ авиацэмрэ Ищхъэрэ щIыналъэм щаIэ мыхьэнэм щытепсэлъыхькIэ, абы и дэтхэнэ псалъэри хьэкъ пщыхьурт. Гу лъымытэу кьанэртэкъым абы и унафэ щIэт дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ зырыз хьаззэрыхуигъэтыфым, езым щIэныгъэ зэриIэм, ар зауэ IэнатIэми кьыззэрыщигъэсэбэпыфым. Зауэр кьэхъейри, ар иухьху Арсений флотым щыIащ. Адмирал Головкор дзэ-тенджызэ флотым и унафэщI нэхъ Iущ дыдэхэм, щапхъэ зытрахэхэм ящыщт, абы пщIэ иIэт. Абы и фэеплъыр ихъумэнущ тенджызым зи гъащIэр епха дэтхэнэми».

1943 гъэм Ищхъэрэ флотым зэхуэхэм щагуащIэгъуэт. Флотым тенджызэ коммуникацэхэр ерыщу ихъумэрт, бийр игъэщхьэрыуэрт. Флотым пыщIэныгъэ яхуиIэт Карельскэ фронтым и приморско флангым и зауэлIхэм. Беломорм дзэ флотилием щыIагъу абы иIэт кхъуэ 200, кхъуэльатэ 500. Флотым щыIэ псыщIагъ зауэлIхэр ерыщу япэщIэтт бийм. Илъэсым и кум абыхэм кьагухьащ хы Хуэмым и псыщIагъыкIуэ кхъуэхьи ис зауэлIхэри. Тенджызым и куугъым фашистхэм IэмаляритырT я хьэлъэхэр Iуфэм пэмыжьжьу зэпрашыну. Япэ ранглым и капитан Колышкин И. А. и унафэм щIэт бригадэм и псыщIагъыкIуэ кхъуафэжьейхэр Iэмал екIуэурэ бийм и конвойхэм удын ирадзырт.

Ищхъэрэ флотым и моряк щхьэмыгъазэхэм кьиззэпаудащ бийм а щIыпIэм хуиIа мурад бзаджэхэр. Абыхэм ягъэбыдащ Карельскэ фронтым и фланг ижьыр. Илъэсым кьриубыдэу транспорт 432-м я конвойхэр зэпрашащ, совет мыльку-тэхэр Арктикэм кьрашыжащ, бийм и кхъуэхи 180-рэ щIагъэтIысыкIащ, и зауэ транспортрэ кхъуэху 43-рэ якъутащ. Илъэсым и кIуэщIым Ищхъэрэ флотым и кхъуэхи 8-м Бэракъ Плъыжь кьыхуагъэфэщащ, кхъуэхи 5 гвардейскэ хъуащ, мэрэ 10-м «Совет Союзым и ПIыхьужь» цIэ пIыпIэр хуагъэфэщащ.

Адмирал Головком Хэку зауэшхуэм щигъэIэгъуэ ПIыхьужьыгъэм папщIэ кьыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденитху, Ушаковым и орденым и япэ нагъыщэу тIу, Нахимовым и орденым и япэ нагъыщэр, Вагъуэ Плъыжь орденитху, медаль куэд. Норвегием и ищхъэрэ лъэныкъуэр бийм зэрыщихъуамэ папщIэ абы и правительствэм Головко А. Г. кьритащ Олафа Щихьым и орденыр.

Адмирал Головкор Ищхъэрэ флотым щекIуэкIа зэхэуэхэм кIэлъыплъа къудейкъым, атIэ езыр и курыкупсэм хэтащ.

Абы и унафэ щIэта морякхэм щIыхь пылъу ягъэзэщIащ я зауэлI кьалэныр, зэхэуэ гуащIэхэм кьимыкIуэту щахъумащ щIынальэм и щхьэхуитныгъэр.

Хэкуми игъэлъэпIащ абыхэм я ПIыхьужьыгъэр. «Совет Союзым и ПIыхьужь» цIэ пIыпIэр хуагъэфэщащ. Ищхъэрэ флотым и моряк 85-м, абыхэм ящыщу 3-м а цIэр щэнейрэ кьыфIащащ. Моряк мини 10-м щIигъум иратащ Совет Союзым и орденхэмрэ медалхэмрэ.

Головко Арсений дунейм ехьжащ 1962 гъэм. «Правда» газетым абы щыгъуэ итхащ: «Сыт хуэзэ IэнатIэ пэрымытами, Головко Арсений ар ирихьэкIащ жьыдэжу, жэуаплныгъэ зыхэлъ, узэчэнджэщ хьу унафэщIу щытащ. Абы и гъащIэри и гуащIэри щапхъэт, коммунизмэр гъэувыным, Хэкум зэрызихьумэж кьарур гъэбыдэным зыкъырIэлыртэкъым».

Прохладнэ кьалэм Головком и цIэр щыфIащащ абы и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым. Апхуэдэуи абы дэт курыт школ №4-мI ныхьыжьым и цIэр зэрехьэ. Кьалэкум и парк цIыкIуэхэм ящыщ зым адмиралым и фэеплъ щагъэуващ.

Головко Арсений и цIэр зэрахь Налшык, Североморск, Балтийскэ, Кривой Рог кьалэхэм я уэрам зырызым. КъБР-м щыIэ Къулъкъуэ ИщхъэрэмI и зы уэрамми абы и цIэр зэрехьэ.

Адмиралым и цIэр фIащауэ щытащ Тенджызэ ФIыцIэ флотым и ракетэ крейсерым («Адмирал Головко»).

ПЩЫБИЙ Сулътан,
зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран, абыхэм я республикэ Жылагъуэ советым и президиумым хэт.

● ТхылъыщIэ

Къубатий Борис и щэхухэр

ПщафIэ Iэзэ, адыгэхэм я лъэпкъ шхыныгъуэхэр илъэс 50-м нэблэгъауэ зэхуэзыхьэсыж Къубатий Борис «Хущхъуэгъуэ зыхэлъ адыгэ шхыныгъуэхэмрэ псыхэмрэ» и тхылъыщIэм и лъэтеувэ пшыхь иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетым щекIуэкIащ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIат Борис и ныбжьэгъуэхэр, пщафIэным хуригъэджахэр, университетым и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ, лъэпкъ шхыныгъуэхэр пщафIыным дихьэхэр, нэгъуэщIхэри. Пэшым щагъэувэ Iэнэ кIыхьым лъэпкъ шхыныгъуэ 20-м нэблагъэ кьытрагъэувати, гукъыдэж зиIэ дэтхэнэри хэIэбэну Iэмал иIат.

Къубатий Борис и тхылъыщIэм бзитIкIэ - урысыбзэрэ инджылызыбзэкIэ - адыгэ шхыныгъэ 850-м я пщафIыкIэр кьыщыхьащ. Борис зэхуихьэсыжа жьIэгъуэхэмрэ чэнджащ щхьэпэхэмри кьыщыбгъуэтынущ абы, апхуэдэуи сурэт дахэхэмкIэ пщIэнэ хуэдэ кьыдэкIыгъуэр.

Къубатийм зэрыжиIэмкIэ, пщафIэным пасэу гу хуищIауэ щытащ. И адэр зауэм хэкIуэда иужь, и анэш дадэрат зыпIыжари, араща а Iэщагъэм хуезыгъэсар.

Школ нэужьым ар щIэтIысхьащ Налшык дэт технологие техникумым. А еджапIэр екъуIэныгъэхэр иIэу кьиуха нэужь, Плеханым и цIэр зэрихьэу Москва дэтым, ЦIыхьэ хозяйствэмкIэ институтым, и щIэныгъэм щыпищащ. Налшык кьиГъэзэжа иужь езым кьиуха техникумым егъэджакIуэу ягъэуври, илъэс зыбжанэкIэ абы щылэжьауэ, 1994 гъэм Адыгэ шхыныгъуэхэм я школ кьыззэIуихащ. Абы и гъэсэнхэр мазиплIым кьуриубыдэу иригъаосрт адыгэ шхыныгъуэу 100-м нэблагъэ яп-щафIыфу. ИлъэсийкIэ абы игъэлажьа школым IэщагъэлI 48-рэ кьыщIигъэкIащ. А бжьыгэр зыфIэмащIэни щыIэу кьыщIэкIынщ, ауэ иджыкIэ нэхъыфIхэм хабжэу Москва, Варшавэ, Истамбыл, нэгъуэщI кьалэхэми дэт ресторанхэм ахэр щолажьэ.

Дон Iус Ростов илъэс 250-рэ щирикъум щащафIэхэм я зэпеуэ ирагъэкIуэкIати, япэ ypыпIэр Къубатийм кьыщыхуагъэфэщауэ щытащ. Абы и зэпэгъэкIэр мыззмытIэу кьэралым и лIыщхьэхэм я пащхьэ щигъэльэгъуащ. Апхуэдэу, Москва кьалэ и Iэтащхьэу щыта Лужков Юрий Борис иригъэблагъэри, Кьэралым Думэм и депутатхэм яхуэпщафIэу щытащ. ЗэрыжаIэжьмкIэ, депутатхэм хуабжу ягу ирихьат адыгэлIым и пщэфIэкIэр.

ПщафIэхэм я зэпеуэу Италием щекIуэкIам хэта иужь Панцини Альфредэ и цIэр зезыхьэ кьэрал институтым щыпIэр ибгынэфынутэкъыми, идакъым.

2007 гъэм, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум, Къубатий Борис Налшык кьалэ округым и администрацэм и ЩIыхь тхылъ кьыхуагъэфэщауэ щытащ лъэпкъ шхыныгъуэхэм я пщэфIыкIэр хуэмэным и гуащIэ зэрыхилъхьэм папщIэ.

Щыпсэу щIыпIэм, я псэукIэм, зэрахьэ диным елъытауэ лъэпкъ къэс езым я шхыныгъуэ яIэжщ. Адыгэхэм ейр зэхуихьэсыжыным Къубатийм илъэс куэд тригъэкIуэдащ икIи абы зыIэригъэхьа щIэныгъэр пщIэнш хуэдэкъым.

Лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэрыIэфIым, кьэуат зэращIэлъым кьыщымынэу, цIыхухэр зэрыщIэлъымэм теухуауэ Борис куэд къыбжиIэжыфынущ. Иджырей щIэблэр зэрагъашхэм, абыхэм узынщагъэ тэмэм ямыIэу кьыззэрыхьум, лъэпкъ шхыныгъуэхэр адыгэ унагъуэхэм зэрыщамыпщэфIыжым екъэлауэ иIэ гуныкъуэгъуэхэм теухуауэ щытащ Борис и кьэпсэльэныгъэр. Пэшым щIэсхэм я лъэIукIэ Къубатийм нартыху пIастэ, бжьыныху шыпс, шыбжий дагъэ, кьалмыкъ шей, лы гъур зэрагъэхьэзырым и щэхухэмкIэ ядэгугъашащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка» кьэрал академическэ ансамблым, КъБКъМУ-м и «Синдхэр» кьэфакIуэ гупым, уэрэджыIакIэ ТхьэкIумащIэ Аслъэн сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

ЩIэпым зыхуишар

ЛэжьапIэншэ налшыкдэс БжыкIший Хьэсэнбий КъБР-м и Налшык кьалэ судым кьуаншэу кьилъытащ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэмкIэ (хабзэм кьемызэгъыну наркотикхэкIэр куэду зыIэрыгъэхьэн икIи щэн мурад иIэу хьумэн).

ЗЭРАГЪЭКЪАНШЭР диIыгъащ Налшык транспорт прокуратурэм и лэжьакIуэм.

Судым зэриубзыхуамкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьам кьыхэкIыу нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта БжыкIшим 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м мэзылъэ щыIпIэм кьыщыпичащ езыр-езыру кьэкI щIэпым и тхъэмпэхэр, щхьэкIэхэр. «Минеральные Воды - Налшык» мафIэгуэм ису унэм кьыздэкIуэжым, ар яубдри Урысей МВД-м и Налшык линейнэ кьудамэм и плъыр частым яшащ, и дэфтрэхэм щеплъым зыгуэрым зэрригъэIпIейтейр нэрылъагъути. Абы кьыкъуахащ марихуанэ грамм 382-рэ зэрылъ пакет.

БжыкIшим илъэсищ тралъхьащ, ар абы щрихьэкIынущ тутнакъэр нэхъ ткIийуэ щдыIгъ колонием.

Унафэм хабзэ кьару игъэтащ.

ЖЭМЫХЪУЭ Руслан,
Налшык и транспорт прокурор, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Сом мелуани 5-м щIигъу

КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм и дэжьакIуэхэм и кIэм нагъэсащ гъэпцIагъэкIэ мылькуштхуэ зыIэригъэхьауэ щэч зыхуащI фермерым техуа уголовнэ Iуэхур.

СЛЕДСТВЭМ къыззэритымкIэ, щэч зыхуащIым комиссэм иритащ бгъэдэмылъ мылъку кьыщыIэгъэгъуа дэфтэр нэпцIхэр, Iэщ гъэхъуным зриГъэужьным тещIыхьа субсидие кьратын папщIэ.

А дэфтэр нэпцIхэмкIэ бзаджащIэм сом мелуани 5,3-м щIигъу зыIэригъэхьащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм щэч зыхуащIым теуха уголовнэ Iуэхур зэхигъэкIащ. УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм икIи иткIэ къигъэльагъэмкIэ ягъэкъуанщэр илъэси 10-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу. ИджыкIэ щIыпIэр имыбгынэну хуагъэуващ.

Iуэхур судым ирагъэхащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапlэ.

ФщIэн папщIэ

«ЦIыхухэм щалущIэ урысейпсо махуэм, 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м, Урысей Федерацым и Следственнэ комитетым и дзэ следствэ органхэм я лэжьыгъэр къыззэгъэпэщыным теухуауэ» УФ-м и Следственнэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэм - Дзэ следственнэ управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIым 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м кьыдигъэкIа унафэ №105-р Ипщэ дзэ округым и дзэ следственнэ органхэм щагъэзэщIэнкIэ къыззэрызэрагъэпэщыну щIыкIэм щыгъуазэ фыдощI.

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м сыкьэт 12-м щегъэжьауэ 20-м нэсыху Урысей Федерацым и Следственнэ комитету Ипщэ дзэ округым щыIэм и Дзэ следственнэ управленэм щIыхуэм щалущIэнущ мы хэщIапIэм: Дон Iус Ростов кьалэ, Стачкэм и проспект, 42/1. Телефоныр: 8 (863) 222-13-59.

Урысей Федерацым и Следственнэ комитету Ипщэ дзэ округым щыIэм и Дзэ следственнэ управленэм и унафэщIым, абы и кьуэдзэхэм захуэзыгъэзэнхэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м нэхъ рэ мэзыкIэ кIасэу зрагъэтх хъунущ мы телефонхэмкIэ: **8 (8630) 222-23-59** (Дон Iус Ростов къ.); **8 (8712) 33-31-04** (Хъанкъалэ посёлкэ)

Апхуэдэу щIыхуэхэр мы хэщIапIэхэм екIуэлIэу зыщрагъэтх хъунущ: Дон Iус Ростов кьалэ, Стачкэм и проспект, 42/1; Шэшэн Республикэ, Хъанкалэ посёлкэ.

● Спорт хъыбархэр

Я зэфIэкI ягъэлъагъуэ

Мы махуэхэм Мэхъэчкалэ щекIуэкIащ Дагъыстан Республикэм регбимкIэ я зэпеуэ зэIуха.

ЗЭХЬЭЗЭЗХУЭМ хэтащ Налшык и сабий-щIалэгъуалэ спорт школ №4-м и гъэсэнхэр. Ди щIыпIэм икIа гупи 3-м гупи зэхэту щIыху 45-рэ хэтащ.

Зэхьэрхуэрэгъуэхэр ямылейуэ щыIэныкъуэхъуа япэ джэгуГъуэм ди регбистхэр бжыгъэр 10:7-уэ Дагъыстэм и командэм щытекIуащ. Зи ныбжьыр илъэс 15 - 16 хьуа спортсмен ныбжьыщIэхэр ягъэсащ Щауэ Алимрэ Бэрбэч Азэмэтрэ. 2002 - 2003 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэм етIуанэ увыпIэр ячыхьуагъэсэфащ. «Джэгуклэм и Iэмал нэхъыфIхэр къэзыгъэсэбэпа ди щIалэ цIыкIхэм зымащIэщ Дагъыстэным и гупыр кьызэрытекIуар. Дауэ мыхьуми, мы зэпеуэхэм дерс щхьэпэ кьыхахащ», - жаIащ командэм и тренерэху Тхъэгъэзит Алибэчэрэ Пономаренкэ Антонрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Кипрыр къапоплъэ

Урысей Федерацым футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэр зэпагъэуащ дызыкъуэкIэ илъэсым и гъатхэпэ мазэм щIондэ. Абы кьриубыдэу командэхэм загъэпсэхуну зэпеуэм щыщIадзэжынум зыхуагъэхьэзырынущ.

ЗЫГЪЭХЬЭЗЫРЫНЫГЪЭМ и зы Iыхьэу кьалъытэ Футбол Лъэпкъ Лигэм и кубокыр кьэхьыныр щIэбэныну. Мы гъэми хуэдэу, ар Кипр ыхтIыгум щекIуэкIынущ 2017 гъэм мазаем и 11 - 24-хэм. Абы екъэлIа пхъэидзэр иджыблагъэ Мэскуу щекIуэкIащ икIи наIуэ хъуащ гупэр зэрызэхуа щыкIэр. «Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэрэгъуэр лъэщщ, ауэ узытемыкIуэнкъым.

А гупым: «Шинник» (Ярославль), «Тамбов» (Тамбов), «Кубань» (Краснодар), «Краснодар-2» (Краснодар).

В гупым: «Енисей» (Красноярск), «Зенит-2» (Санкт-Петербург), «Спартак-Налшык» (Налшык), «Урал» (Екатеринбург).

С гупым: «СКА-Хабаровск» (Хабаровск), «Тюмень» (Тюмень), «Мордовия» (Саранск), «Динамо» (Санкт-Петербург).

D гупым: «Факел» (Воронеж), «Спартак-2» (Мэскуу), «Волгарь» (Астрахань), «Чертаново» (Чертаново).

Футбол ЛъэпкъIм Лигэм и кубокыр къэхьыным щIэбэныну хуитыныгъэ зиIэр ягъэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и япэ кьекIуэкIыгъуэм ипкъ иткIэ 1 - 16-нэ увыпIэхэр зыубыдахэращ. АрщхьэкIэ язныкъуэхэр абы хэтыну зэрыхуэмеям кьыхэкIыну премьер-лигэм щыщу «Урал»-р, етIуанэ дивизионым щыдзэгугъу «Динамо» (СПб), «Краснодар-2», «Чертаново» командэхэр хагъэхьащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Мариэт (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэныдэж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжьмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущапlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зэхуэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *редактору* **ЩхьэщэмыщI Иэ**, *корректорхэру* **Щоджэн Инир** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1828